



Charlie Crist  
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.  
State Surgeon General

**Pou Piblikasyon Imedyat**  
April 2008

Kontakte: Susan Smith  
850-245-4111

**\*\* PAPYE ENFOMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN  
\*\***

**NETWAYAJ KAY APRÈ YON SIKLÒN**

**TALLAHASSEE** – Aprè you sou Siklòn Twopikal/Siklòn fin pase, si ou pa retire tout bagay ki te kontamine ka lmete anpil risk sou lasante w. Si te genyen inondasyon anmenm tan avèk siklòn lan, ou fèt pou retire glo yo le pli vit ke posib, paske you ka genyen materyèl ki te sòti nan sytèm egou yo.

Si te genyen glo twalèt oubyen glo egou, ki debòde nan kay la, ou fèt pou pran prekosyon anba yo, pou asire w ke netwayaj la fèt byen:

- Ou dwe netwaye mi, planche ki fèt ak materyo di ak anpil lòt pati nan kay la ak savon, ak dlo epi desinfekte yo ak yon solisyon ou fè ak yon tas kloròks pou chak sink galon glo..
- Sitou pran anpil prekosyon pou dezenfekte nèt tout kote ou ka mete manje avèk tou zòn kote timoun piti jwe.
- Lave tout dra ak kouvrelè epi tout rad nan dlo cho oubyen voye yo nan dray.
- Bagay ou pa ka lave oubyen voye nan dray, tankou matla ak mèb ki kouvwi ak twal oubyen po, netwaye yo a sèk nan solèy epi flite yo nèt ak yon desenfektan.
- Lave tout kapèt.
- Ou fèt pou ranplase, tout pano ak fib aglomere, ensilasyon ki gen fib oubyen filtè ke ou ka jete ki te rantrè an kontak oubyen ki te kontamine avèk glo inondasyon oubyen glo egou, ki nan aparèy chofaj oubyen klimatizè yo.
- Mété gan epè avèk bòt ki genyen metal nan pwent li pou sèkirite.

Pran prekosyon lè w ap melaje pwodwi pou netwayaj and pwodwi pou dezenfekte kay, paske genyen pwodwi lè ou melanje yo yo bay yon gaz ki pwazon toksik ki ka lakòz yon maladi serye oubyen li ka tiye w.

Se yon bagay ki ka trè difisil pou jete bagay ki nan kay la, patikilyèman bagay ki gen anpil valè santimanal. Malerezman, si ou kenbe bagay ki te beyen nan glo egou oubyen glo inondasyon pa bon pou lasante. Jeneralman, materyo ke ou pa kapab netwaye komplètman oubyen ki pa ka seche nan lespas de 24-48 èdtan fèt pou jete yo nan fatra.

Pou plis enfòmasyon, vizite site Dèpatman Lasante a <http://www.doh.state.fl.us> oubyen [www.FloridaDisaster.org](http://www.FloridaDisaster.org).

Florida Enfomasyon Ijans Nimewo Telefòn : 1-800-342-3557



Charlie Crist  
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.  
State Surgeon General

---

Enfòmasyon Piblik Pou sipò fonksyon Ijans (850)-921-0384

###